

### SS.7.C.2.5

*Distenge ki jan Konstitisyon an prezève e limite dwa endividyèl yo.*

**Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.**

**SS.7.C.2.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1:** Elèv yo ap rekonèt ke dwa yo pwoteje, men yo pa san limit.

Ekriven Konstitisyon Etazini an te vle kreye yon **sistèm** gouvènman **federal** ki te efikas ak pwisan, men younn tou, ki prezève dwa chak moun. Konstitisyon Etazini an etabli yon sistèm ki pwoteje dwa endividyèl yo e ki limite tou pouvwa gouvènman federal la. Dekarasyon Dwa yo enimere anpil dwa endividyèl e garanti ke gouvènman an pap entèfere avèk dwa sa yo. Lòt dwa endividyèl yo te **prezève** nan Konstitisyon Etazini an yo jwenn yo nan Atik I, Seksyon 9. Dwa sa yo enkli eksplwa nan **habeas corpus** ak **Iwa ex post facto**.

Malgre ke Konstitisyon an prezève dwa yo, li rezonab e jis pou yo mete limit sou pi fò nan dwa yo. Sa vle di ke dwa yo pa absoli; yo ka limite nan sèten sitiyasyon. Pandan ane yo, tribunal yo nan Etazini te devlope plisyè direktiv pou limite dwa endividyèl yo. Direktiv sa yo te itilize pou ede deside ki lè dwa endividyèl yo entèfere ak lòt dwa empòtan ak enterè, enkli dwa lòt moun. Pafwa sitwayen ka pa itilize libète yo anpil jan yo ta renmen paske si yo ta fè sa, yo tap fè mal ak **byennèt komèn**. Lwa federal la ak Iwa eta a, e desizyon Lakou Siprèm lan, yo tout te limite libète **Premye Amandman** an nan yon fason pou pwoteje **enterè piblik** la.

Yo te pwoteje dwa yo ak libète yo paske yo se yon fondasyon nan demokrasi nan peyi Etazini, men yo limite tou nan kèk fason pou ke gouvènman an ka travay efektivman e moun ka santi yo an sekirite.

**Byennèt komèn** - kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm yon benefis nan kominate a olye ke se enterè endividyèl, yo konnen sa tou kòm byennèt piblik la

**enterè piblik** - benefis ki komèn, benefis jeneral piblik la

**habeas corpus** - prensip ke gouvènman an dwe bay yon kòz oswa yon rezon ki fè l kenbe yon moun nan prizon

**Lwa Ex post facto**- yon Iwa ki fè yon zak vin yon krim aprè krim nan te fèt

**Premye Amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki entèdi Kongrè a pou l pa etabli yon reliyion, ak pou l pa entèfere ak libète egzèsis reliyje, laprès, lapawòl, asanble, oswa petisyon

**Prezève** - pwoteje

**sistèm federal** - yon sistèm nan gouvènman kote pouvwa pataje ant yon gouvènman santral ak eta yo

**Sous:**

Quigley, C., & Rodriguez, K. *We the People: The Citizen and the Constitution*. Calabasas, CA: Center for Civic Education, 2007. Print.